

BAB I

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Panalungtikan

Basa téh nyaéta sistem komunikasi nu digunakeun ku papada manusa nu ditétélakeun ngaliwatan sora atawa sacara tinulis nu sistematis pikeun ngawangun satuan nu leuwih lega (Mailani spk., 2022, kc. 7). Salaku alat komunikasi, basa digunakeun disabudeureun masarakat nu kauger ku aturan-aturan sosial nu lumaku dimasarakat tutur (Wiratno & Santosa, 2014, kc. 1). Basa tinulis mangrupa basa nu dihasilkeun tina tulisan ngagunakeun huruf salaku unsur dasarna (Santi & Yanti, 2020, kc. 34). Ku kituna, panyatur bisa ngedalkeun pamikiranna nepika bisa dipikaharti ku pamiarsa atawa ku jalma séjén ngaliwatan basa nu digunakeun (Alfira spk., 2019, kc. 20).

Kitu deui wacana, salaku alat komunikasi dina interaksi sosial boh sacara lisan boh tinulis kalawan boga tujuan pikeun nepikeun informasi ka pamaca atawa pamiarsa (Santi & Yanti, 2020, kc. 35). Wacana mangrupa satuan basa pangluhurna dina tataran linguistik, nu bisa dina wangun tulis atawa lisan (Alfira spk., 2019, kc. 20). Wacana mangrupa peristiwa komunikasi nu puguh adeganana tur dalit gumulungna dina wujud paripolah basa (Edmoson, dina Sudaryat, 2020, kc. 2). Nurutkeun Roger Fowler (dina Rahman & Hamdani, 2023, kc. 14) wacana nyaéta jinis komunikasi nu dilakonan ku manusa boh sacara lisan boh tulisan nu ditilik tina puseur sawangan niléy kapercayaan jeung kategori, dina ieu hal kapercayaan téh ngawakilan perspektif dunya, organisasi atawa representasi tina pangalaman. Salah sahiji jenis wacana nu sumebar di masarakat nyaéta wacana nu diwadahan dina majalah *Manglé*.

Majalah nu medal dibarengan ku medalna Badan Musyawarah Sunda dibéré ngaran *Manglé* (Rosmana, 2017, kc. 76). *Manglé* mangrupa média citak dina wangun majalah, eusina méré informasi kalawan maké basa Sunda. Ditilik tina eusina, medalna *Manglé* téh dianggap mémang ditujukeun pikeun ka siswa sakola jeung masarakat sacara umum (Adam, dina Rosmana, 2017, kc. 76). Dina unggal

nomor medal, *Manglé* dieusian ku informasi nu ngawengku hal-hal nu aya patalina jeung atikan atawa kabudayaan (Rosmana, 2017, kc. 77).

Kamampuh masarakat dina maham hiji kontéks jadi ngawatesanan kana nyamkem informasi nu ditepikeun, ieu hal mangaruhan kana peran wacana nu ditepikeun dina majalah *Manglé*. Hartina, media nu sumebar tur ngandung hiji informasi téh, dijadikeun sarana idealisme nepika nimbulkeun paradigma nu réa dimasarakat (Eriyanto, 2001, kc. 36). Luyu jeung kagunaan média nu mangrupa sarana pikeun nepikeun informasi, média tangtuna waé boga ciri has dina tatabasa nu dipakéna, gumantung kana eusi nu ditepikeun dina hiji média. Sabab kiwari media boga peran nu kacida gedéna, média dianggap bisa mangaruhan pamaca, salasahiji cara panulis dina nepikeun maksudna tangtu waé ngagunakeun tatabasa jeung pamilihan kandaga kecap nalika nulis hiji teks atawa wacana.

Model analisis wacana kritis Roger Fowler téh bisa dilarapkeun dina nelaah kumaha média nulis hiji warta. Nurutkeun Roger Fowler (Eriyanto, 2001, kc. 133) ngagolongkeun kandaga kecap dina 4 fungsi, nyaéta (1) kandaga kecap klasifikasi; (2) kandaga kecap ngawatesan pandangan; (3) kandaga kecap pertarungan wacana; jeung (4) kandaga kecap marjinal. Lian ti éta Fowler ngakategorikeun tatabasa jadi tilu modél nyaéta (1) modél transitif; (2) modél intransitif; jeung (3) modél rélasional.

Saméméhna geus aya sababaraha panalungtikan nu ngaguar ngeunaan analisis wacana kritis nyaéta “Adegan Wacana Rubrik Balé Bandung dina Majalah *Manglé*: Analisis Wacana Kritis Model Teun A.van Dijk (Maulana, 2014) anu ngébréhkeun panalungtikanana kalawan hasil yén ayana karakteristik wacana kritis dina rubrik Balé Bandung nalika disurahan ngagunakeun analisis wacana kritis model Teun A.van Dijk. “Analisis Wacana Kritis kana rubrik “Kolom” dina Majalah *Manglé* pikeun Bahan Pangajaran Maca Artikel di SMA” (Rahayu, 2017) ngébréhkeun hasil panalungtikanana nu ngagunakeun pamarekan Theo van Leeuwen yén tina segi karakteristikna wacana nu ditalungtik bisa dijadikeun bahan ajar maca artikel di SMA sabab bisa numuwuhkeun pamikiran kritis siswa.

Lian ti éta aya deui panalungtikan séjénna “Strategi Penggunaan Kandaga kata dan Tata Bahasa dalam berita Harian Umum Independen Singgalang” (Ramdani,

2016) anu ngébréhkeun hasil panalungtikanana nu eusina, panulis dina éta warta katiten ngagunakeun kandaga kecap nu marjinal. Panalungtikan “Analisis Wacana Kritis Berita tentang Sosial Distance, Cara Pemerintah Cegah Penyebaran Virus Corona di Detik.com” (Silmi A., Dewi A., 2020) anu ngébréhkeun hasil panalungtikanna yén warta dina detik.com téh boga ideologi panulis sangkan masarakat nu maca turut kana aturan nu lumangsung harita keur sasalad. Kitu deui, panalungtikan “Analisis Wacana Kritis Roger Fowler dalam Berita Online Forum Semua Tentang Ponorogo” (Naning S., Imron Y., 2021) anu ngébréhkeun yén dina éta warta téh sabada ditalungtik data nu nyumponan yén panulisan éta warta téh dipiharep bisa mawa pamaca kana pikiran panulis.

Panalungtik boga anggapan yén kamampuh masarakat atawa pamaca dina maham hiji informasi téh tangtuna dipangaruhan ku sababaraha hal, luyu jeung tiori ti Roger Fowler yén aya sababaraha élemén nu bisa dipedar tina hiji wacana ngawengku pamilihan kandaga kecap jeung tatabasa nu dipaké. Ku kituna, saluyu jeung kasang tukang nu dijéntrékeun di luhur, dina ieu panalungtikan anu judulna “Adegan Tékstual dina Rubrik “Kolom” Majalah *Manglé* (Ulukan Tatabasa Modél Roger Fowler)” perlu dilaksanakeun sabab dina basa Sunda, kaitung langka kénéh ulikan ngeunaan analisis wacana kritis téh. Anapon fokus tina ieu panalungtikan téh nyaéta medar ngeunaan kumaha tatabasa nu digunakeun ku panulis dina nulis hiji karya. Lian ti éta, bédana jeung panalungtikan saacanna téh nyaéta sanajan sarua ngaguar ngeunaan analisis wacana kritis, ngan pamarekan nu dipaké katut media nu disurahanna béda jeung panalungtikan saméméhna.

1.2 Rumusan Masalah Panalungtikan

Saméméh nangtukeun rumusan masalah pikeun dipedar dina ieu panalungtikan, aya opat masalah nu perlu diidéntifikasi. Hal-hal nu diidéntifikasi patali jeung unsur-unsur tatabasa nurutkeun Roger Fowler nyaéta:

- 1) wangun transitif,
- 2) wangun intransitif,
- 3) wangun rélasional, jeung

- 4) kahasan wangun transitif, intransitif jeung rélasional dina rubrik “Kolom” Majalang *Manglé*.

Ku kituna, luju jeung idéntifikasi masalah nu dijéntrékeun di luhur, dirumuskeun opat rupa rumusan masalah dina kalimah pananya ieu dihandap:

- 1) Kumaha wangun transitif nu digunakeun dina rubrik “Kolom” majalah *Manglé* dumasar tiori analisis wacana modél Roger Fowler?
- 2) Kumaha wangun intransitif nu digunakeun dina rubrik “Kolom” majalah *Manglé* dumasar tiori analisis wacana modél Roger Fowler?
- 3) Kumaha wangun rélasional dina rubrik “Kolom” majalah *Manglé* dumasar tiori analisis wacana modél Roger Fowler?
- 4) Kumaha kahasan wangun transitif, intransitif jeung rélasional dina rubrik “Kolom” majalah *Manglé* dumasar tiori analisis wacana modél Roger Fowler?

1.3 Tujuan Panalungtikan

Ku kituna, dumasar kana kasang tukang katut rumusan masalah nu geus dijéntrékeun, dina ieu panalungtikan téh boga dua tujuan pikeun dihontal, nu ngawengku tujuan umum jeung tujuan husus.

1.3.1 Tujuan Umum

Tujuan umum dina ieu panalungtikan téh nyaéta pikeun mikanyaho tur ngadeskripsikeun larapna analisis wacana kritis unsur tatabasa dumasar kana modél Roger Fowler dina rubrik “Kolom” majalah *Manglé*.

1.3.2 Tujuan Husus

Anapon, tujuan husus dina ieu panalungtikan téh nyaéta pikeun mikanyaho tur ngadéskripsikeun opat hal, nu ngawengku;

- 1) wangun transitif dina rubrik “Kolom” majalah *Manglé* dumasar kana tiori analisis wacana Roger Fowler;
- 2) wangun intransitif dina rubrik “Kolom” majalah *Manglé* dumasar kana tiori analisis wacana Roger Fowler;

- 3) wangun rélasional dina rubrik “Kolom” majalah *Manglé* dumasar kana tiori analisis wacana Roger Fowler; jeung
- 4) kahasan wangun transitif, intransitif, jeung rélasional dina rubrik “Kolom” majalah *Manglé* dumasar kana analisis wacana Roger Fowler.

1.4 Mangpaat Panalungtikan

Ku ayana ieu panalungtikan, panalungtik miharep bisa méré mangpaat ka pihak-pihak nu pakait, boh sacara téoritis boh sacara praktis.

1.4.1 Mangpaat Téoritis

Dina ieu panalungtikan téh, dipiharep bisa méré kontribusi dina nambahan pangaweruh ngeunaan ulikan wacana, utamana ulikan nu aya patula-patalina jeung wacana salaku media komunikasi jeung informasi. Lian ti éta, ieu panalungtikan dipiharep bisa nambahan tiori ngeunaan analisis wacana kritis.

1.4.2 Mangpaat Praktis

- 1) Pikeun panalungtik

Hasil tina ieu panalungtikan téh, dipiharep bisa méré pangalaman pikeun panalungtik ka hareupna dina ngalarapkeun téori analisis wacana kritis jeung nambahan pangaweruh dina widang akademis.

- 2) Pikeun pamaca

Ieu panalungtikan, dipiharep bisa jadi salah sahiji média pikeun nambahan pangaweruh sangkan leuwih maham kana eusi wacana dina rubrik "kolom" majalah *Manglé* dumasar kana tiori analisis wacana modél Roger Fowler.

- 3) Pikeun guru

Hasil tina ieu panalungtikan téh, bisa jadi salah sahiji bahan ajar dina kaparigelan basa di sakola tur ngeuyeuban pangaweruh ngeunaan wacana.

- 4) Pikeun siswa

Ieu panalungtikan téh, dipiharep bisa nambahan pangaweruh dina widang atikan ngeunaan analisis wacana tur bisa nyangkem informasi dina wacana rubrik “Kolom” jeung ngaronjatkeun pamahaman dina wangun téks.

5) Pikeun panalungtik séjénna

Ieu panalungtikan dipiharep bisa jadi salah sahiji rujukan pikeun sakumna panalungtik séjén nu medar ngeunaan analisis wacana kritis jeung salaku bahan informasi pikeun panalungtikan séjénna dina raraga ngamekarkeun pangalaman anu nyosok jero ngeunaan analisis wacana kritis.

1.5 Raraga Tulisan

Raraga tulisan tina hasil panalungtikan téh ditepikeun dina lima bab.

Bab I Bubuka, nu eusina medar ngeunaan kasang tukang, rumusan masalah, tujuan panalungtikan, mangpaat panalungtikan, jeung raraga tulisan.

Bab II Ulikan Tiori, nu eusina medar ngeunaan ulikan téori dina analisis wacana nu ngawenngku tiori wacana, tiori tatabasa, panalungtikan saméméhna jeung raraga tiori.

Bab III Méthode Panalungtikan, nu eusina medar ngeunaan desain panalungtikan, data jeung sumber data panalungtikan, instrumén panalungtikan, téhnik ngumpulkeun data, jeung téhnik ngolah data.

Bab IV Hasil Panalungtikan jeung Pedaran, nu eusina medar ngeunaan hasil panalungtikan tina analisis wacana kritis dumasar kana modél Roger Fowler, hususna dina unsur tatabasa.

Pamungkas, dina bab V kacindekan, implikasi jeung rékomendasi dipedar ngeunaan kacindekan tina hasil analisis jeung pedaran sarta implikasi jeung rékomendasi.